ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚОҢЫРАТ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚЎНҒИРОТ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ

Қ А Р О Р И

№ 16/1 «11» - 01 2018-ж.й

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5-6-сон, 97-модда;)ның 17-статьясы, «Нәгиранларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси конун ҳужжатлари тўплами, 2008 й., 29-30-сон;)ның 25-статьясы, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған «Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже»ге (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 й., 34-сон, 333-модда;) тийкар, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын районда 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мекемелер ушын жумыспылардың дизим бойынша орташа санынан 186 адамды курайтуғын 7 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 3,2 пайыз - 6 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 34,4 пайыз - 64 адам;

в) билимлендириў мекемелерин питириўши жаслар ушын 39,2 пайыз – 73 адам;

г) муддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 9,1 пайыз – 17 адам;

д) районлық бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып калған шахслар ушын 1,6 пайыз - 3 адам;

е) жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылған шахслар ушын 8,6 пайыз – 16 адам.

ж) басқалар ушын 4,8 пайыз 9 адам, сол есаптан мобилизациялық шақырыў резервине киритилген шахслар 2 адам, киши жастағы балалары болған ислемейтуғын хаяллар 3 адам, әтираптағылар ушын қәўипли болмаған социаллық әҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған шахслар ушын 2 адам муғдарында, адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын 2 адам муғдарында жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға муўапық, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыўды ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, ягный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, кәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған «Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже»ге муўапық белгиленген муддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратыўын яки бәнт етип қойыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мекеменің лаўазымлы шахсларына «Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже»ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетининң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған «Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже»ге тийкар, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарпланған қаржылардың бир бөлегин район Бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў фонды қаржылары есабынан қаплаў ҳүкыкына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (Н.Нуржанов) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткизсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Қоңырат районы ҳәкиминиң 2016-жыл 14-декабрь күнги «Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»гы 744/12-санлы «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасының 2016-жыл 29-декабрь күнги 12-санында жәрияланған шешими 2017-жыл 31-декабрь күнинен өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Е.Еденбаевқа жүклетилсин.

10. Бул шешим районлық «Қоңырат ҳақыйкаты» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Қоңырат районы
ҳәкими **Ш.Темирбаев**

Қоңырат районы әкиминиң
2018-жыл «11» 01 күнги
16/1 санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж хәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Мекеме, кәрхана хәм шолкемлер	Ислеўшилер саны	Ажыратылған квота орынлары саны	Соннан									
				А	Б	В	Г	Д	Е	Ж	З	И	Й
1	«Қоңырат сода заводы» унитар карханасы	1500	8	5	1		1	1					
2	«Устюртпроместрой инжиниринг» УК	50	2		1				1				
3	Устюртгаз УШК	505	8	2	1	1		1	1			1	1
5	«Қоңырат Ун заводы» АЖ	188	3	1		1	1						
6	Районлық Абаданластырыу баскармасы	163	3	1					2				
7	Таза худуд ДУК Конырат филиалы	30	2	1					1				
8	Конырат тогай хам аншылык хожалыгы	44	2						2				
9	Каракалпакетан Республикасы Жоллардан пайдаланыу УК	200	2			1			1				
10	КРЖУ Кунград региональ узел	854	8	3	1	1	1			1		1	
11	Конырат Вагон депосы (ВЧД-14)	448	5	3		1			1				
12	ЭЧ - 10	157	2	1		1							
13	Конырат Локомотив депосы	634	5	3		1			1				
14	ЩЧ-17	359	3	2	1								
15	ПМС-279	317	6	3	1	1			1				
16	ПЧ-25	456	5	1	1	1			1		1		
17	ПЧ-26	307	4	2	1	1							
18	Узжелдорпаес ОАО Приаралекому филиал	378	2	2									
19	Устюрт темир йул обод п/х	56	3	1		1							1
20	ТЖ емлеуханасы	223	2	1							1		
21	ТЖ СЭС	46	1		1								
22	ТЖ Санатория емлеуханасы	60	1		1								
23	УУРБ	1044	13	8	2	1		1		1			
24	«Устюртгазпроместрой» ЖШЖ	236	3	1		1			1				
25	Кунград УТВС	180	5	3	1	1							
26	Конырат магистрал газ тармаклары баскармасы	412	6	3	1	1			1				
27	Акшолак магистрал газ тармаклары баскармасы	188	4	1	1	1			1				
28	Тулей магистрал газ тармаклары	330	4	1	1	1			1				

	баскармасы													
29	Каракалпакстан магистрал газ тармаклары баскармасы	296	3	2	1									
30	10-санлы Есемурат Жырау атындагы БМКОМ	46	2	2										
31	Районлык маденият болими	36	2	2										
32	Конырат нефть хам газ санааты колледжи	181	1		1									
33	Конырат санаат колледжи	157	1		1									
34	Конырат ауыл-хожалык хам курылыс колледжи	87	1		1									
35	Конырат медицина колледжи	87	1		1									
36	Конырат химия санааты колледжи	91	1		1									
37	Районлык медицина бирлеспеси	1130	15	7	6		1					1		
38	Районлык 4-санлы районлар ара силге карсы гуресиу емлеуханасы	70	3	2	1									
39	Районлык СЭБО (СЭС)	107	2		2									
40	1-санлы мектеп	75	1		1									
41	2-санлы мектеп	78	1		1									
42	5-санлы мектеп	70	1		1									
43	6-санлы мектеп	59	1		1									
44	7-санлы мектеп	98	1		1									
45	35-санлы мектеп	118	1		1									
46	36-санлы мектеп	151	1		1									
47	37-санлы мектеп	113	1		1									
48	38-санлы мектеп	94	1		1									
49	39-санлы мектеп	89	1		1									
50	41-санлы мектеп	45	1		1									
51	42-санлы мектеп	46	1		1									
52	43-санлы мектеп	92	1		1									
53	47-санлы мектеп	120	1		1									
54	48-санлы мектеп	99	1		1									
55	53-санлы мектеп	110	1		1									
56	54-санлы мектеп	123	1		1									
57	56-санлы мектеп	52	1		1									
58	1-санлы мектепке шекемги билимлендириу мекемеси	26	1		1									
59	2-санлы МШБМ	29	1		1									
60	5-санлы МШБМ	39	1		1									
61	6-санлы МШБМ	22	1		1									
62	7-санлы МШБМ	30	1		1									
63	8-санлы МШБМ	45	1		1									
64	9-санлы МШБМ	36	1		1									
65	10-санлы МШБМ	50	1		1									
66	11-санлы МШБМ	25	1		1									
67	12-санлы МШБМ	29	1		1									
68	13-санлы МШБМ	22	1		1									
69	14-санлы МШБМ	34	1		1									
70	15-санлы МШБМ	52	1		1									
71	16-санлы МШБМ	31	1		1									

72	17-санлы МШБМ	29	1		1								
73	18-санлы МШБМ	29	1		1								
74	19-санлы МШБМ	43	1		1								
75	20-санлы МШБМ	51	1		1								
76	21-санлы МШБМ	23	1		1								
77	22-санлы МШБМ	32	1		1								
78	23-санлы МШБМ	23	1		1								
79	24-санлы МШБМ	35	1		1								
80	25-санлы МШБМ	60	1		1								
80	**ЖАМИ:**	**14103**	**186**	**64**	**73**	**17**	**4**	**3**	**16**	**2**	**3**	**2**	**2**

Еслетпе:

а) 14 жаска толмаған балалары хәм нәгиран балалары бар жалғыз хәмде көп балалы ата-аналар,

б) билимлендириў мекемелерин питириўши жаслар ушын,

в) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын,

г) нагиранлар ушын

д) районлық бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар,

е) жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылған шахслар ушын,

ж) мобилизациялық шақырыў резериви корына киргизилген шахслар ушын

з) киши жаслы балалары болған ислемейтугын хаяллар ушын

и) адам саўдасынан жәбир көргенлер,

й) социаллық ахмийеттеги кеселликлер менен ауыратугынлар ушын

Қоңырат районы хокиминиң
2018-жыл «11» 01
1014 санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж хәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша комиссия курамы

1.	Е.Еденбаев	Район хәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы
2.	Ж.Аметова	Район хәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3.	Н.Нуржанов	Районлық бәнтликке комеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4.	Т.Тлеўбаев	Районлық экономика хәм аймақларды комплекс раўажландырыў бөлими баслығы, комиссия ағзасы
5.	А.Мамутов	Өзбекистан жаслар аўқамы районлық кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
6.	А.Нурманов	Пукаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысларын муўапықластырыў бойынша районлық кеңеси баслығының биринши орынбасары, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.